

# TRANSFÈ AVANTAJ

## KONSEY PWOTEKSYON POU KONSOMATÈ



### Pwojè Iwa Sena 2A (2022)

Nenpòt kontra ki te pibliye anvan lye janvye 2023, bay yon moun ki gen asirans dwa pou bay yon twazyèm pati benefis asirans toutotan ou pa chwazi abandone dwa sa a pou w ka resevwa yon rabè prim.

### KISA YON TRANSFÈ AVANTAJ (ASSIGNMENT OF BENEFITS, AOB) YE?

Yon Transfè Avantaj (AOB) se yon kontra legal ki pèmèt ou menm kòm mèt asirans la, transfere dwa ou gen nan asirans ou bay yon lòt moun (sesyonè), tankou yon kontraktè. Lè sa a, sesyonè a gen dwa pou fè reklamasyon bay konpayi asirans la epi jwe wòl ou kòm mèt asirans la. Sesyonè a ka touche dirèkteman pou sèvis yo; apwouve chèk nan non ou; kominiye dirèkteman avèk konpayi asirans lan san konsantman ou oswa patisipasyon ou; epi fè pote plent kont konpayi asirans ou an.

Souvan yo itilize yon AOB lè yon pwopriyetè kay gen yon reklamasyon asirans epi li gen kontra ak yon lòt moun tankou moun ki repare tèt kay, plonbye, kontraktè, oswa konpayi remedyasyon dlo pou ede li.



*Tasha Carter*

## **YON AKÒ POU TRANSFÈ AVANTAJ DWE:**

-  Fèt alekri.
-  Gen ladan yon notifikasyon an 18 pwen, an majiskil, fonse ki di ou abandone sèten dwa ou gen nan kontra asirans ou a pou bay yon lòt moun yo.
-  Genyen yon dispozisyon ki pèmèt ou anile akò transfè an san okenn sanksyon oswa frè depi ou soumèt yon avi alekri nan yon delè:
  - 14 jou apre ou fin siyen akò a, oswa
  - Omwen 30 jou apre travay la pwograme pou kòmanse si pokò gen gwo travay ki fèt, oswa
  - Omwen 30 jou apre yo fin siyen akò siyen (si nou pokò etabli yon dat kòmansman) epi sesyonè a pokò kòmanse fè gwo travay.
-  Gen yon dispozisyon ki egzije pou sesyonè a bay yon kopi akò a siyen bay konpayi asirans lan nan yon delè 3 jou ouvrab apre akò a siyen oswa lè travay la kòmanse, kèlkeswa sa ki rive avan an.
-  Gen estimasyon ki fèt alekri epi ki detaye chak gress depans pou sèvis sesyonè a pral fè yo.
-  Gen pou wè sèlman ak travay sesyonè a pral fè.
-  Gen yon dispozisyon ki egzije pou sesyonè a pa mete ou responsab pou okenn domaj, pèt ak depans, tankou frè avoka, si konpayi asirans ou a entèdi yon AOB. Ekzekisyon AOB a gen ladan yon egzansyon sesyonè ak sou-kontraktè li yo pa li yo pou yo pa fè reklamasyon kont ou pou peman ki soti nan AOB a. Sesyonè a ak sou-kontraktè li yo pa ka kolekte oswa eseye kolekte lajan nan men ou, mennen ou devan lajistik, depoze yon dwa privilèj kont pwopriyete ou oswa bay non ou nan yon ajans rapò kredi.

## YON TRANSFÈ AVANTAJ PA KAPAB GENYEN:

Yon sanksyon oswa frè pou paske ou anile yon AOB pandan peryòd ki dekri nan AOB a

Frè pou trete chèk oswa ipotèk

Frè administratif

Yon sanksyon paske ou anile AOB a



## ANVAN OU SIYEN YON AKÒ TRANSFÈ AVANTAJ, FÈ BAGAY SA YO:

- Fè reparasyon an ijan pou diminye plis domaj.
- Depoze yon reklamasyon avèk konpayi asirans ou dirèkteman epi asire w ap swiv dispozisyon konsènan reparasyon oswa sèvi avèk founisè yo pito yo si kontra ou a mande sa.
- Pou asire kontraktè yo gen bon asirans pou responsabilite ak konpansasyon travayè, al gade nan sitwèb Divizyon Konpansasyon Travayè Depatman Sèvis Finans Florida a nan [www.MyFloridaCFO.com/Division/WC](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/WC).
- Pou verifye lisans yon kontraktè, ale sou sitwèb Depatman Kontwòl Biznis ak Pwofesyonèl Florida a nan [www.MyFloridaLicense.com](http://www.MyFloridaLicense.com).
- Mande plizyè estimasyon, verifye referans yo, epi bay peman final la apre travay la fini.
- Asire w ou konprann kondisyon yo, epi tout langaj ki obligatwa ak chwa pou anile AOB a nan kontra a. Ou pa oblige siyen yon AOB pou yo repare pwopriyete ou a oswa pou yo trete reklamasyon ou a.



Ou ta dwe chèche konsèy jiridik nan men yon avoka anvan ou siyen AOB a si ou gen enkyetid ak langaj oswa kondisyon nan akò yo prezante ba ou a. Si ou bezwen konnen si AOB a enkòpore dispozisyon lwa Florida egzije yo, ou ka kontakte Depatman Sèvis Finans Florida a a nan nimewo telefòn asirans gratis nan Konsomatè Asirans la nan **1-877-MY-FL-CFO (693-5236)**.

  @YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

[www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA)

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER  
**ADVOCATE**  
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

— *Tasha Carter* —